# Gu`z temasında kompozitsiya islewde ayrım metodikaliq usınıslar.

*Sh.Qallıqlıshov*

*NMPI, Cu`wretlew o`neri ha`m injenerlik grafikası kafedrası*

*J. Abatov*

*QMU, arxiytektura ha'm qala qurlisi kafedrası*

Su`wretlew o`neri oqıw predmetinin` en` kerekli wazıypalarınan biri ol balalarda ku`zetiwshilikti o`siriw, barlıqtı ko`re biliw ha`m ha`diyselerge estetikalıq tu`rde qatnas jasaw, olardı go`zzallıqtı seze biliwge ha`m tu`siniwge sonday aq, usı sezim ha`m tu`singiklerin turmısta qollawg`a u`yretiw, sol arqalı este saqlawdı rawajlantırıw bolıp esaplanadı.

Gu`z ko`rinisin su`wretlewde balalarg`a na`rse ha`m ha`diyseler su`wretin sızıwg`a kirisiwden aldın na`rselerdin` du`zilisin, formasın, o`lshemlerin, ren`i ken`esliktegi jag`dayların u`yrenedi ha`m olardı o`z islerinde su`wretleydi. Ku`zetilip atırg`an janlı na`rselerdin` o`miri haqqındada mag`lıwmatqa iye boladı, na`tiyjede balalardın` du`nya haqqındag`ı ko`z aldına keltiriwleri shuqırlasadı ha`m ken`eyedi, este saqlawı rawajlanadı.

Su`wretlew o`nerinde kompozitsiya shıg`armanın` pikirligi-ideyalıq mazmunı ju`da` anıq ha`m isenerli qılıp beriw za`ru`rligi menen baylanıslı. Kompozitsiyanın` tiykarg`ı maqseti-ko`rkem obraz jaratıwdan ibarat. Tu`rli da`wirler ha`m ha`r tu`rli jo`nelislerde jaratılg`an kartinalar o`zinin` anıq kompozitsiyalıq du`zilisine ko`re adamlarda ju`da` jaqsı ta`sir qaldıradı.

Kompozitsiya tu`rli bo`leklerdi belgili bir pikirli-ideyalıq mazmung`a maslab du`ziw, biriktiriw ha`m jo`reltiriw bolıp esaplanadı. Su`wretlew o`nerinde kompozitsiya-bul ko`rkem shıg`armanı onın` mazmunı xarakterli ha`m maqsetine tiykarlınıp du`ziwden ibarat.

Gu`z temasında kompozitsiya islewdi ta`biyat qoynında jumıs alıp barıw jaqsı na`tiyje beredi. Gu`z ko`rinisin su`wretlew shınıg`ıg`ıwın alıp barıwda oqıwshılardın` gu`z haqqındag`ı bilimlerin ja`mlew, gu`z ko`rinsindegi keypiyetge (quwanıshlı g`amlı, ta`shwishli) bolg`an sezgirligin asırıw; balalarda ana ta`biyatqa

bolg`an muhabbat tuyg`ısın rawajlandırıwg`a erisiw; onın` go`zzallıqların qa`dirlew tuyg`ısın asırıwdı maqset etip qoyadı.

Ta`biyat ko`rinisin su`wretlew, su`wretlew o`nerinin` peyzaj janrı esaplanadı. Ta`biyat sheksiz la`zzetli ha`m go`zzal. Quyash nurı ha`m a`tirap ortalıq sheksiz tu`rli ren`lerdi payda qıladı.

Ta`biyat qoynında su`wret salıw bo`lme ishindegi su`wret salıw jag`dayınan parıq qıladı. Ku`shli jarıqlıqtı payda qılıwshı jarıqlıqtın` ko`pligi, reflekslerdin` ha`r tu`rliligi, ta`biyat ob`ektlerinin` ku`zetiwshiden uzaqlasıwı, jarıqlıqtın` tezlik penen almasıwı, hawa-rayının` tu`rli jag`dayı oqıwshılar ushın jan`a a`detlenbegen jag`day. Sonın` ushın gu`z ko`rinisinin` su`wretlewde oqıtıwshı oqıwshılarg`a hawa perespektivası nızamlıqlarına a`mel qılıw, ren` mu`na`sebetleri menen islew metodı, ulıwma ren` tu`si ha`m ren` jag`dayın tuwrı tabıw jolların tu`sintirip u`yretip barıwı tiyis. Gu`z ma`wsiminde ta`biyat o`zgerip o`zinin` go`zzallıg`ı menen adamdı o`zine tartadı. Gu`z ma`wsimler ishinde en` ren`ge bay ma`wsim esaplanadı. Gu`z ko`rinisindegi obektler ha`m na`rselerdin` ren`inin` ashıq–toqlıg`ı ha`m toyg`ınlıg`ı boyınsha uqsaslıq olardın` naturadan parıqların belgilew bular jumıstın` ren`li muna`sebetlerin durıs ko`rsetiwde tiykar qılıp alınadı. Gu`z ko`rinis kompozitsiyasın sheber su`wretlew-yag`ınıy onın` ren` mu`na`sebetin naturada ko`rinip turg`anday uqsatıp orınlaw, jumıstın` birinshi shınıg`ıwlarınan aq naturanı haqıyqıy su`wrtelew ushın ren`nin` ashıq-toqlıg`ı ha`m toyıng`anlıg`ı, ren` qatnasların anıq tabıw kerkeligin tu`sintiriw kerek. Bug`an mısal qılıp A.İ.Kuindjidin` «Aydın keshe» peyzajın ko`rsetip o`tiwge boladı bunda jarıq-saya kontrastı shıg`armag`a ku`shli go`zzalıq bag`ısh etken bolsa İ.Levitanning «Altın gu`z» kartinası ren` koloriti ha`m kompozitsiyasının` originallıg`ı menen du`nyag`a belgili. Sonday aq O`zbekstannın` belgili peyzajist su`wretshisi U.Tansıqbaevtın` do`retpelerinen «Tawda gu`z» «Qaraqum GESi tan`ı» shıg`armalarında ko`rsetiwmizge boladı.

Ta`biyat qoynında su`wret salıw jag`dayı bolmag`an halda oqıwshılardın` ko`z aldına keltiriwleri ha`m tu`siniklerin bayıtıw maqsetinde ta`biyat qoynına sayaqatlar sho`lkemlestiriledi. Sayaqat barısında birneshe qaralamalar, ren`lemeler

islenedi. Son` klassta gu`z ma`wsimine baylanıslı slaydlar, reproduktsiyalar ko`rsetiw, ku`zetilgen gu`zgi ta`biyat ko`rinislerin oqıwshılardın` islegen qaralama ha`m ren`lemeleri tiykarında su`wret sızıw usınıs etiledi. Gu`zgi ta`biyattı ku`zetiw barısında balalardın` itibarı terekler, aspan, jer uqsag`anlar ha`m olardın` o`zine ılayıqlı formag`a iye ekenligine, ren`lerine, adamlar, quslar, haywanlardın` o`zine ılayıqlı ta`replerine qaratıladı. Haywanat, quslardın` slaydı ha`m su`wretlerin ku`zetiw arqalı olardın` su`wretleri sızdırıladı.

Ta`biyat qoynında u`zliksiz su`wret salıw oqıwshılardı na`ziklikti seziwge ha`m ta`biyattın` belgili jag`dayın ren`li ha`m tu`sli o`zgesheliklerin tolıq jetkiziwge u`yretedi.

Go`zzal ta`biyat ko`rinisindegi shıg`armalar o`zinin` ko`rkem estetikalıq ta`siri menen adamnın` ruxıy bayıwına ta`sir tiygizedi.

A`debiyatlar

1. R.Xasanov Maktabda tasviriy san`at wqitish metodikasi Toshkent-2005

2. R.Xasanov Tasviriy san`at asoslari Toshkent-2009

3.G.M. Abduraxmonov Tasviriy san`at kompozitsiyasi. Toshkent- 1996

4. O.K. Apuxtin. Tasviriy san`at asoslari. Toshkent-1984